KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

# Buku sing Pungkasan

# Buku Terakhir

Penulis:
**Achiayadi**

Ilustrator:
**Mulyantara**



C

KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

# Buku sing Pungkasan

## Buku Terakhir

Penulis : **Achiayadi**
Ilustrator : **Mulyantara**
Penerjemah: **Achiayadi**

**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia**
Dilindungi Undang-Undang

**Penafian:**
Buku ini disiapkan oleh Pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU No. 3 Tahun 2017.

Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi.
Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman.
Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat surel balaibahasadiy@kemendikbud.go.od diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**Buku sing Pungkasan**
Buku Terakhir

Penulis : **Achiayadi**
Ilustrator : **Mulyantara**
Penerjemah : **Achiyadi**
Penyunting : **Ratun Untoro**
Penata Letak : **Praba Pangripta**

**Penerbit:**
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

**Dikeluarkan oleh**
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta
https://balaibahasadiy.kemendikbud.go.id

Cetakan Pertama, 2023
ISBN 978-602-259-939-5 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 18/24
ii, 36 hlm, 21 x 29,7 cm.

# Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia.

Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

**Dwi Pratiwi**


belik

"Kok soren-soren. Arep menyang ngendi, Dik Narto?" pitakone Budhe Tinah. Sore kuwi, Budhe Tinah lagi nyapu plataran omahe.

"Badhe mbangsulaken buku. Bukunipun Mas Budi, Budhe," jawabe Narto karo mandheg.

"Lha, wis ora dienggo pa?" sambunge Budhe Tinah. Dheweke marani Narto kang ngadeg ing pinggir lurung.

"Boten Budhe, sampun rampung. Kula sampun minggah kelas nem," jawabe Narto.

"Wooo, Setu esuk iki mau wis rapotan ta?" pitakone Budhe Tinah.

"Sampun Budhe. Setu enjing wau," jawabe Narto karo pamit tumuju omahe Budi.

Budi lagi nyirami kembang neng emperan omah. Maneka warna tanduran kembang ana ing pot. Ana pot cilik, sedhengan, lan gedhe. Neng kana ana tanduran kembang sepatu, mawar, melati, kan-

"Sore-sore begini, mau ke mana, Dik Narto?" tanya Budhe Tinah. Sore itu, ia sedang menyapu halaman.

"Mau mengembalikan buku-bukunya Mas Budi, Budhe," jawab Narto sambil berhenti.

"Lha apa sudah tidak dipakai?" sambung Budhe Tinah. Ia mendatangi Narto yang berhenti di pinggir jalan.

"Tidak Budhe. Sudah selesai. Saya sudah naik kelas enam," jawab Narto. Ia memperlihatkan tas plastik hitam berisi buku-buku milik Mas Budi.

"Woooo, berarti Sabtu pagi tadi sudah terima rapor?" tanya Budhe Tinah.

"Sudah, Budhe. Tadi pagi," jawab Narto sambil pamit menuju rumah Budi.

Budi sedang menyirami bunga teras depan. Bermacam-macam bunga yang ditanam di pot. Ada yang ditanam di pot kecil, pot sedang, dan pot besar. Ada bunga sepatu, mawar, melati, kanthil, tapak

thil, tapak dara. Ana uga kembang wijaya kusuma, asoka, lan anyelir. Sawernane tanduran kembang kuwi katon seger lan nyenengake.

Budi lagi wae lulus SD Negeri Kembangan. Dheweke sasekolahan karo Narto. Narti, adhine Budi, munggah kelas lima. Narto saiki munggah kelas nem. Dene Titi, adhine Narto, munggah kelas papat. Bocah papat kuwi kabeh sekolah ing SDN Kembangan.

Budi lan Narti sregep biyantu wong tuwane. Sregep siram-siram, nyapu plataran, asah-asah, lan liya-liyane. Budi uga sregep makani pitik. Pitike Budi cacahe lima.

Bapake Budi jenenge Pak Sutono. Pak Sutono ngasta dadi satpam rumah sakit ing Yogyakarta. Saben dinane, Pak Sutono kudu tindak luwih mruput tinimbang pegawe liyane. Watara jam lima esuk, Pak Sutono wis tindak nitih

dara. Ada juga kembang wijaya kusuma, asoka, dan anyelir. Berbagai bunga itu enak dipandang dan menyenangkan.

Budi baru saja lulus dari SD Negeri Kembangan. Ia satu sekolahan dengan Narto. Narti, adiknya Budi, juga baru saja naik kelas lima. Narto kelas lima dan saat ini naik kelas enam. Sementara Titi, adiknya Narto, naik kelas empat, Mereka berempat sekolah di SDN Kembangan.

Budi dan Narti rajin membantu kedua orang tuanya. Mereka menyirami bunga, menyapu halaman, mencuci piring dan perabot lain. Mereka juga memberi makan ayam.

Ayahnya Budi bernama Pak Sutono. Ia menjadi satpam di salah satu rumah sakit di Yogyakarta. Setiap hari Pak Sutono harus berangkat lebih awal dari pada pegawai lain. Sekitar pukul lima pagi, Pak Sutono sudah berangkat ke



montor. Montore Yamaha bebek werna abang enom.

Dadi satpam kudu bisa ngladeni lan ngayomi kabeh pegawe kono. Saliyane kuwi, kudu ngladeni wong-wong sing duwe perlu ing rumah sakit. Pak Sutono anggone kondur saka rumah sakit ya wis sore. Udakara jam limanan. Pak Sutono nindakake tugase kanthi becik. Dheweke duwe rasa tanggung jawab kang gedhe bebarengan karo satpam liyane.

Ibune Budi jenenge Bu Surti. Saben esuk, Bu Surti uga mruput tindak pasar. Bu Surti dodolan sembako neng los Pasar Kragilan. Jam lima esuk, Bu Surti wis tindak pasar nitih pit. Pasare ora adoh saka daleme. Kurang luwih mung 300 meter. Bu Surti kondur saka pasar uga wis sore. Antarane jam lima lagi tekan daleme.

tempat kerjanya. Ia berangkat dengan mengendarai sepeda motor. Yamaha bebek warna merah muda.

Sebagai satpam, Pak Sutono harus bisa melayani dan melindungi pegawai. Selain itu, melayani orang-orang di rumah sakit. Pak Sutono pulang kerja sudah sore. Sekitar pukul lima sore. Sebagai satpam, ia memiliki tugas dan tanggung jawab besar. Bersama dengan pegawai satpam yang lainnya.

Ibunya Budi dan Narti bernama Bu Surti. Setiap pagi juga pergi ke Pasar Kragilan. Bu Surti berjualan di salah satu los pasar. Ia berjualan barang-barang sembako kebutuhan sehari-hari. Mulai pukul lima pagi, Bu Surti sudah berangkat ke pasar ber sepeda. Jarak pasar dari rumahnya tidak terlalu jauh. Sekitar tiga ratus meter. Ia pulang sore hari. Sekitar pukul lima sore baru sampai rumah.

Budi ngerti kahanane wong tuwane. Mula, Budi ngrewangi makani pitik saben esuk sadurunge mangkat sekolah. Semono uga ing wektu awan lan sore. Sing makani pitik ya Budi. Saben dinane, Budi direwangi Narti. Loro-lorone sregep mbiyantu wong tuwane kanthi seneng lan sabar.

“Wah, wis rampung ta anggone nyirami?” pitakone Narto.

“Iya, lagi wae rampung,” wangsulane Budi karo nyelehake ember. Ember plastik ijo kuwi diselehake cedhak lawang ngarep.

“Kene thenguk kursi kene, Mas Narto,” sambunge Narti karo mlebu omah. Narti uga nyangking ember plastik cilik abang. Ember kuwi mau dienggo siram-siram.

“Yoh, Dik Narti, nuwun,” wangsulane Narto terus tumuju kursi ing emperan ngarep.

“Sik ya Nar. Dakwisuh dhi-

Mengetahui kesibukan kedua orang tuanya, Budi membantu memberi makan ayam setiap pagi. Sebelum berangkat sekolah, Budi memberi makan ayamnya. Begitu juga di waktu siang atau sore. Setiap hari, Budi dibantu adiknya. Keduanya rajin membantu kedua orang tuanya dengan sabar dan hati gembira.

“Wah, sudah selesai menyirami tanamannya, ya?” tanya Narto. Ia masuk halaman rumah Budi.

“Iya, ini baru saja selesai. Tadi dibantu Narti,” jawab Budi. Ia meletakkan ember plastik di dekat pintu.

“Sini, duduk di kursi sini, Mas Narto,” pinta Narti. Ia masuk rumah sambil membawa ember kecil merah. Ember itu yang tadi dipakai menyirami tanaman.

“Ya, Dik Narti. Terima kasih,” jawab Narto sambil menuju kursi.

“Sebentar ya Nar, saya cuci tangan dulu,” kata Budi.

sik," kandhane Budi karo mlebu omah nyangking ember.

"Yoh," ujare Narto karo lungguh kursi cedhak lawang.

Ora let suwe, Budi metu nggawa wedang rong gelas. Ditututi Narti nggawa piring isine tela godhog. Tela godhog kuwi anggone mbedhol ing kebon buri seminggu kepungkur. Kebone Pak Sutono pancen ditanduri maneka warna wit-witan. Ana wit gori, pelem, salam, gedhang, lombok, tela, lan liya-liyane.

"Mas Narto, iki godhogan tela gek dimaem," panjaluke Narti. Piring wadhah tela diselehake ing meja.

"Yoh Dik, matur nuwun," wangsulane Narto.

Narti terus mlebu omah arep ngrewangi ibune asah-asah. Dene Budi lan Narto padha lungguhan ing emperan. Sakloron padha ngombe teh anget lan maem tela godhog.

Ia masuk rumah sambil membawa ember yang tadi dipakai menyirami.

"Ya, silakan," jawab Narto sambil duduk di kursi.

Tidak lama kemudian, Budi keluar sambil membawa minuman dua gelas. Sementara Narti membawa piring berisi ketela rebus. Ketela hasil kebun belakang. Pekarangan Pak Sutono tidak begitu luas. Pekarangan itu ditanami berbagai tanaman. Ada pohon nangka, mangga, salam, pisang, lombok, ketela, lan lainnya.

"Mas Narto, ini rebusan ketela dimakan ya!" pinta Narti. Piring diletakkan di meja.

"Ya, Dik Narti. Terima kasih," jawab Narto.

Narti masuk rumah lagi hendak membantu cuci piring ibunya. Sementara itu, Budi dan Narto menikmati teh hangat sambil makan ketela rebus.


belik

"Mas Budi, iki aku mbalekake buku kelas lima sing daksilih." kandhane Narto. Tas kresek ireng isi buku dibukak.

"Yoh, matur nuwun. Buku-buku kelas nem ya wis dakcepakake," jawabe Budi.

"Bukune isih komplit, kok." kandhane Narto karo nyelehake buku ing meja. Dene buku-buku pengetahuan umum isih disilih meneh dening Narto. Buku-buku kuwi ora selak dienggo Narti.

"Yoh, matur nuwun, Nar," celathune Budi.

Bubar kuwi, Budi mlebu omah arep njupuk buku-buku kelas nem.

Sore kuwi, Narto takon karo Budi. Apa wae kang perlu disiyapake ing kelas nem. Materi pelajaran kelas nem saya akeh lan angel. Narto uga takon, seminggu kaping pira ana tambahan les. Ing kelas nem kanyata ana tam-

"Mas Budi, ini saya kembalikan buku-buku kelas lima yang aku pinjam," kata Narto. Tas plastik hitam isi buku dibuka.

"Ya, terima kasih. Buku-buku untuk kelas enam juga sudah aku siapkan," jawab Budi.

"Bukunya masih lengkap, kok," kata Narto sambil meletakkan buku-buku itu di meja. Buku pengetahuan umum masih dipinjam Narto. Buku-buku itu tidak keburu dipakai Narti.

"Ya, terima kasih Nar," jawab Budi.

Setelah itu, Budi masuk rumah hendak mengambil buku-buku kelas enam.

Sore itu, Narto bertanya kepada Budi. Apa saja yang perlu disiapkan di kelas enam. Materi pelajaran kelas enam tambah banyak dan makin sulit. Narto juga bertanya, berapa kali seminggu ada tambahan les.

bahan pelajaran sabubare jam sekolah.

Miturut Budi, tambahan pelajaran kuwi ing saben dina Senin, Selasa lan Kemis. Tambahan pelajaran kuwi rampung watara jam loro awan. Mula, ing dina kuwi, murid kelas nem padha sangu sega.

Lagi gayeng jagongan, keprungu swara ngaji saka mesjid. Tandhane wis arep Magrib. Narto terus pamit mulih. Dheweke nggawa buku-buku kelas nem duweke Budi. Bukune diwadhahi tas kresek ireng.

Rampung adus, Narto lan Titi, dikancani wong tuwane mangkat neng mesjid Al-Furqon Taragan. Mesjid kuwi mapan ing kulon pojok kidul. Ora adoh saka omahe Narto. Wong tuwane Narto, Pak Suroso lan Bu Prapti sregep neng mesjid. Narto lan Titi uga ora kalah sregep. Nalika tekan plataran mesjid, ketemu Budi sakulawargane.

Di kelas enam ada tambahan pelajaran sepulang sekolah.

Menurut Budi, tambahan pelajaran itu setiap hari Senin, Selasa, dan Kamis. Di hari-hari itu, semua siswa kelas enam membawa bekal makan.

Sedang asyik ngobrol, terdengar suara orang mengaji dari masjid. Tanda waktu sholat Maghrib tiba. Narto pun pamit pulang sambil membawa buku kelas enam milik Budi. Buku-buku itu ditaruh di tas plastik berwarna hitam.

Selesai mandi, Narto dan Titi ditemani kedua orang tuanya pergi ke masjid Al-Furqon Taragan. Masjid itu berada di barat laut. Tidak jauh dari rumah Narto. Orang tua Narto, Bapak Suroso dan Bu Prapti, rajin ke masjid tersebut. Sesampainya di masjid, mereka bertemu keluarga Budi.

“Wis wiwit mau pa, Bud?” takone Narto.

“Durung suwe kok, lagi wae,” wangsulane Budi. Wong loro beberangen tumuju papan wudhu.

“Wis wudu durung Dik Titi?” pitakone Narti.

“Uwis saka ngomah mau,” wangsulane Titi.

Rampung adan magrib, wong-wong banjur padha wudhu. Terus padha mlebu mesjid. Rampung salat Magrib terus padha ngaji bareng. Anggone ngaji kabagi dadi pirang-pirang perangan. Ana perangan bocah-bocah, remaja, diwasa, lan wong tuwa.

Saben perangan dibimbing takmir masjid siji. Anggone padha ngaji tekan wektu Isak. Kulawargane Pak Suroso lan Pak Sutono uga sregep ngaji. Paraga sing adan uga wis dijadwal. Budi lan Narto uga kajadwal adan. Rampung jamaah Isak, terus padha mulih bareng.

“Sudah sejak tadi, Bud?" tanya Narto.

“Belum kok, baru saja," jawab Budi. Mereka berdua menuju ke tempat wudhu.

“Sudah wudu belum Dik Titi?” tanya Narti mendekati Titi.

“Sudah, tadi di rumah,” jawab Titi.

Seusai azan magrib, orang-orang segera wudhu dan masuk ke masjid. Selesai Magrib, mereka mengaji bersama. Mereka dibagi menjadi beberapa kelompok. Ada kelompok anak-anak, remaja dan pemuda serta kelompok orang tua.

Setiap kelompok ada pembimbing dari pengurus takmir masjid. Mereka mengaji hingga salat Isak. Budi dan Narto juga azan sesuai jadwal. Selesai salat Isak, mereka pulang bersama-sama.


©Mul.

Kulawarga loro kuwi ora tau ninggalake salat Subuh. Krungu adan, terus padha mangkat neng mesjid. Rampung subuhan, Budi, Narti, Narto lan Titi terus mlaku-mlaku. Hawane seger, resik, lan sehat. Dene wong tuwane padha terus kondur nyiyapake pakaryane.

Saben dina prei, Budi lan kanca-kancane anggone mlaku-mlaku tekan rada awan. Bocah-bocah kuwi kepengin ndelok endahe srengenge mlethek. Wektu esuk, pancen nengsemake. Langit katon endah mbarengi srengenge muncul.

Minggu esuk kuwi, rampung mlaku-mlaku, Budi, Narti, Narto lan Titi ora terus bali. Nanging, menggok ngalor tumuju dalan bulak Kwagon. Kiwa tengen dalan ditanduri wit randu lan turi. Wit turine ngembang. Wernane ana sing ijo lan ana sing abang.

Kedua keluarga itu juga rajin salat Subuh di masjid. Setiap mendengar azan Subuh, mereka segera ke masjid. Selesai salat Subuh, mereka terus pulang bersama-sama pula. Selesai Subuhan, mereka jalan pagi. Udara masih segar. Sementara itu, orang tua mereka pulang menyiapkan pekerjaan masing-masing.

Saat libur sekolah, keempat anak itu jalan-jalan sampai agak siang. Udara pagi masih bersih, sejuk, dan segar. Mereka ingin melihat pemandangan indah di pagi hari. Menjelang matahari terbit, langit warna warni terlihat indah.

Minggu pagi itu, selesai jalan-jalan mereka tidak segera pulang. Mereka menuju bulak sawah Kwagon. Di kanan-kiri jalan ditanami pohon turi dan randu. Jalan menjadi rindang, asri dan sejuk sekali. Pohon turi mulai berbunga berwarna hijau dan merah.

“Wah hawane seger lan endah banget,” celathune Budi.

“Iya, pancen nengsemake,” jawabe Narto. Sajadah kang disampirake ing pundhak tengen dibenakake.

Ora let suwe, srengenge katon mlethek saka wetan. Sakawit mung separo bunderan. Saya suwe, bunderane kuwi saya gedhe. Wernane abang. Kaendahan iku nggambarake kuwasane Gusti Allah.

“Kabeh kaendahane jagad iki kagungane Sing Kuwasa. Awake dhewe kudu tansah sokur marang apa Gusti Allah,” sambunge Narto karo ngadeg.

“Pancen. Awake dhewe kudu tansah sokur. Wis diparingi kasarasan, rejeki, kaendahane alam, lan liya-liyane,” sambunge Budi.

“Bener Bud, isine jagad iki kanggo manungsa. Awake dhewe kudu bisa ngopeni, ngupakara, lan njaga amrih

“Wah, suasana pagi ini segar dan indah sekali,” kata Budi .

“Iya, suasananya mengagumkan,” jawab Narto. Ia membetulkan letak sajadah di pundak kanannya.

Tidak lama kemudian, matahari sudah terlihat muncul dari arah timur. Semula baru separo lingkaran, tak lama semakin terlihat bulat. Warnanya merah. Hal itu menunjukkan besarnya kekuasaan Allah SWT.

“Semua keindahan dunia ini milik Yang Mahakuasa. Kita harus selalu bersyukur kepada Tuhan Allah,” jawab Narto sambil berdiri.

"Memang. Kita semua harus selalu bersyukur. Sudah diberikan kesehatan, rezeki, keindahan alam, dan lain-lain," sambung Budi.

“Benar, Bud. Bumi dan langit ini untuk manusia. Kita semua harus memelihara dan

lestari," sambunge Narto.

"Jare bapak lan ibu guru, awake dhewe ora oleh ngrusak lingkungan. Yen lingkungan rusak, sing rugi ya awake dhewe," kandhane Narti.

"Bener Nar. Ora kena ngrusak lan waton negor witwitan. Negor wit-witane kuwi ana aturane,"sambunge Budi meneh.

"Yen mung waton, bisa marahi banjir lan longsor," Narto nambahi.

"Wit turi lan randu iki mupangati banget. Dalan bulak sawah iki katon edhum, hawane seger, lan rasane nyenengake," pratelane Titi.

"Bener kuwi Titi. Apa maneh ing wektu esuk ngene," tambahe Narto.

Srengengene sansaya dhuwur. Hawane arep saya panas. Kadang tani wis padha menyang sawah. Ana sing nyunggi tenggok isi rabuk saka kandhang. Ana sing manggul

melestarikannya," Narto menambahkan.

"Bapak dan ibu guru sudah menjelaskan. Kita itu tidak boleh merusak lingkungan," kata Narti menambahkan.

"Benar, Nar. Kita Tidak boleh merusak dan menebang pohonan serampangan," sambung Budi lagi.

"Jika menebang pepohonan sesukanya, bisa banjir dan longsor," kata Narto menambahkan.

"Pohon turi dan randu ini sangat bermanfaat. Jalan bulak ini jadi sejuk dan hawanya segar serta menyenangkan," kata Titi menjelaskan.

"Benar, itu Titi. Apalagi di waktu pagi hari," tambah Narto.

Matahari terlihat semakin tinggi. Sinarnya semakin banyak. Hari akan semakin panas. Para petani sudah banyak yang pergi ke sawah. Ada yang membawa tumbu berisi pupuk kandang. Ada yang memang-



pacul lan nggawa arit gober. Tekan sawah, terus padha nggarap sawahe dhewe-dhewe. Ana sing ngarit damen, gawe uritan, maculi sawah, lan liya-liyane.

Weruh pratani wis padha menyang sawahe, bocah papat iku terus mulih. Awake dadi seger lan sehat, sakwise mlaku-mlaku. Tekan ngomah banjur nindakake gaweyane dhewe-dhewe. Resik-resik omah, nyirami tanduran, lan pakaryan liyane.

Kaya adate, Pak Suroso tindak sawah. Sawahe ana bulak kulon Sangonan. Adohe saka ngomah udakara 300 meter. Dheweke tindak sawah karo nyunggi tenggok. Isine rabuk kompos wedhus. Wedhuse Pak Suroso cacahe ana lima. Kandhange ana kebon mburi. Saben mulih saka sawah, Pak Suroso nggawa suket kanggo pakan.

gul pacul dan ada yang membawa sabit. Sampai di sawah, mereka terus menggarap sawahnya masing-masing. Ada yang membuat pesemaian, ada yang memotong rumput padi, ada yang mencangkuli sawah.

Mengetahui hal itu, mereka berempat terus pulang. Mereka terus membantu kedua orang tuanya. Membersihkan rumah, menyapu dan menyirami tanaman.

Seperti biasanya, Pak Suroso pagi itu sudah ke sawah. Sawah milik Pak Suroso ada di bulak Sangonan. Jaraknya sekitar tiga ratus meter. Pak Suroso menyunggi tenggok. Berisi kompos katoran kambing. Kambing Pak Suroso ada lima ekor dikandangkan di belakang rumah. Setiap pulang dari sawah, Pak Suroso membawa rumput untuk pakan.

Galengan sawahe ditanduri kimpul lan tela. Saben Pak Suroso bali nggawa kimpul lan tela, Narto lan Titi, seneng banget. Sawise dionceki lan dikumbah, terus digoreng dening Bu Prapti. Narto lan Titi seneng banget karo panganan tradhisional kuwi. Semono uga Pak Suroso lan Bu Prapti.

Saben ana wektu longgar, Narto sregep menyang sawah. Dheweke ngrewangi bapake. Macul kanthi sakuwate, ngelebi sawah, dhangir tanduran. Rasane seneng bisa mbiyantu bapake ing sawah.

Rong minggu sepisan, Narto ngresiki kandhang lan ngedusi wedhus. Kandhange katon resik, wedhuse sehat.

Narto pancen bocah sing sregep. Semono uga Titi, sregep ngrewangi ibune. Menawa wis rampung ngrewangi ibune, Titi ngrewangi Narto ing kebon buri.

Pematang sawah Pak Suroso ditanami ubi talas dan singkong. Pak Suroso membawa pulang. Narto dan Titi senang sekali. Setelah dikupas, talas dan singkong dibersihkan dan goreng. Narto dan Titi senang sekali makan makanan tradisional itu. Begitu juga pak Suroso dan Bu Prapti.

Setiap senggang, Narto ke sawah membantu ayahnya. Seperti mencangkul sesuai dengan kemampuannya. Rasanya senang bisa membantu ayahnya di sawah. Hal ini sesuai dengan yang diajarkan oleh gurunya.

Dua minggu sekali, Narto membersihkan kandang kambing. Kandangnya kelihatan bersih. Kambing-kambingnya menjadi sehat dan bersih.

Narto anak rajin. Demikian pula Titi, ia senang membantu ibunya. Setelah selesai membantu ibu, Titi membantu Narto di kebun belakang.

Dene Bu Prapti, saben setengah wolunan ngrewangi dodolan ing warunge Budhe Tanti. Amung mlaku sebab saka omahe mung udakara 100 meter. Warunge Budhe Tanti ana ing penggokan dalan kidul kulon, cedhak gardu siskamling. Maneka warna kabutuhan ing saben dinane, ana ing warung kuwi. Bu Prapti, ngrewangi Budhe Tanti dodolan.

Sing padha tuku ing warunge Budhe Tanti, padha seneng diladeni Bu Prapti. Watara jam lima sore, warunge Budhe Tanti wis tutup. Rampung resik-resik ing warung, Bu Prapti terus kondur.

Narto lan Titi, minangka bocah kang bekti, lan manut karo wong tuwane. Bali sekolah, Narto maem, lan nindakake salat. Uga terus sinau sedhela. Sawise sinau, dheweke mangkat ngarit suket ing bulak sawah Kwagon.

Akan halnya Bu Prapti, setiap hari sekitar pukul setengah delapan sudah berangkat ke warung milik Budhe Tanti. Hanya jalan kaki sebab warung Budhe Tanti tidak jauh dari rumahnya. Sekitar seratus meter. Warung Budhe Tanti terletak di tikungan barat daya dekat gardu siskamling. Warung itu menjual kebutuhan sehari-hari. Bu Prapti membantu di warung itu.

Dengan ramah, sabar dan senang hati Bu Tanti melayani pelanggan. Pelanggan juga senang dilayani Bu Prapti. Sekitar pukul lima sore, warung Bu Tanti tutup. Setelah bersih-bersih, Bu Prapti pulang.

Narto dan Titi anak yang berbakti pada orang tuanya. Sepulang sekolah, Narto terus makan dan salat. Belajar sebentar kemudian mencari rumput di sawah Kwagon.



Saben ngarit suket, Narto niliki banyune sawah asat utawa ora. Bubar kuwi banjur bali. Sukete terus ditumpuk ing dhuwur kandhang. Tumbu lan topi biru kang saben dinane dienggo Narto, diselehake ing cedhake kono.

Ora lali Narto terus, menehi suket lan ngombeni wedhuse. Rampung, kuwi Narto terus adus lan nindakake salat Asar. Rampung Asar, Narto terus nata buku-bukune kanggo dina sesuke. Terus resik-resik ing njero ngomah, lan ing plataran ngarep. Kabeh pakaryan kang ditindakake dening Narto ing saben dinane, bisa rampung. Dheweke nindakake pakaryan kuwi, kanthi rasa seneng, lan ehlas.

Kejaba kuwi, uga kudu sabar, setiti lan ngati-ati. Kabeh pakaryan, abot utawa entheng, kudu bisa ditindakake lan dirampungake kanthi

Setiap merumput, Narto tidak lupa mampir di sawahnya. Ia melihat sawah, ada air atau tidak. Setelah itu, terus pulang. Rumputnya ditaruh di atas kandang. Topi dan tumbu diletakkan di dekatnya.

Tidak lupa, Narto terus memberi minum dan rumput. Hal itu dilakukan, setiap narto pulang dari merumput. Setiap diberi rumput dan minuman, kambingnya merasa senang. Kambingnya sehat. Setelah selesai, Narto terus mandi dan salat Asar. Selesai Asar, Narto menyiapkan buku untuk besuk pagi. Semua pekerjaan itu dikerjakan oleh Narto dengan senang hati. Narto menyelesikan pekerjaan dengan senang dan ikhlas.

Selain itu, juga harus sabar ,teliti dan hati-hati. Semua pekerjaan harus bisa dikerjakan dengan baik. Dikerjakan dengan rasa senang dan benar. Hal seperti, sudah sesu-

seneng. Babagan kuwi jumbuh karo apa kang wis diwulangake ing sekolahan.

Semono uga, Titi rampung salat lan maem. Sinau sedhela, banjur nata buku kanggo sesuke. Rampung kuwi banjur ngrewangi ibune resik-resik ing pawon. Titi ngrewangi kanthi ati kang seneng, sabar dan pener. Kanthi cara kuwi, Titi bisa ngamalake kabeh sing diwulangake ing sekolahane.

Pak Suroso sregep anggone nggarap sawah. Sawah rong kothak tinggalane bapake kuwi, digarap lan diolah kanthi becik, lan setiti. Saliyane ajeg diileni banyu, uga ajeg diwenehi rabuk kandhang saka asile ngingu wedhus. Kanyata kanthi diwenehi rabuk kandhang, tanduran parine dadi subur. Galengan sawah ditanduri kacang gleyor.

Dina Minggu watara jam wolu, Pak Suroso mboncengai dengan apa yang diajarkan oleh gurunya di sekolah.

Begitu juga Titi. Selesai salat dan makan terus belajar sebentar, kemudian menyiapkan buku-buku untuk besok. Setelah itu, ia membantu ibunya bersih-bersih di dapur. Semua pekerjaan dapat diselesaikan oleh Titi dengan senang, sabar dan benar. Melalui cara itu , Titi dapat menerapka apa yang diajarkan di sekolah.,

Pak Suroso rajin mengolah sawah. Sawah dua petak warisan ayahnya itu diolah dengan baik. Setiap saat, rutin diairi dan diberi pupuk kandang dari kotoran kambing. Tanaman padinya menjadi subur. Hasil panen juga banyak. Pematang sawah ditanami kacang panjang.

Hari Minggu, sekitar pukul delapan, Pak Suroso memboncengkan Narto pergi ke

ake Narto menyang sawah. Tanduran kacang gleyor wayahe dipanen. Tekan sawah, sepedha merk Philip warna ireng kuwi terus disendhekake ing pager cedhak lurung gedhe sisih wetan. Sakloron terus mlaku tumuju sawah. Kacang gleyor kuwi terus dipanen. Narto lan Pak Suroso nggawa bagor siji-siji.

Watara sejam, anggone methiki wis rampung. Rong bagor kebak kacang gleyor. Rampung ditaleni banjur disunggi dening Pak Suroso tumuju sepedhane. Sakloron, terus thenguk-thenguk leren ing buk pinggir dalan kono. Ngombe wedang putih nganggo cangkir cilik ijo saka ceret. Ceret cilik kuwi sing saben dina digawa Pak Suroso menyang sawah.

Rampung leren, bagor loro kuwi terus ditata ing boncengan sepedhane. Sawise tumata, sepedhane terus di-

sawah. Tanaman kacang panjang sudah waktunya dipanen. Sampai di sawah, sepeda merk Philips warna hitam itu disandarkan dipagar dekat jalan desa sisi timur. Keduanya terus menuju ke sawah. Kacang panjang itu terus dipetik. dipanen. Keduanya membawa karung satu-satu.

Dengan terampil, Narto memetik kacang panjang. Dimasukkan ke karung. Begitu juga, Pak Suroso. Sekitar satu jam kemudian, panen selesai. Kedua karungnya sudah penuh kacang panjnag. Selesai diikat, karung itu terus disunggi oleh Pak Suroso menuju ke tempat sepeda. Keduanya terus duduk istirahat di atas gorong-gorong. Keduanya minum air putih dari gelas warna hijau dari ceret. Ceret itu sering dibawa Pak Suroso ke sawah.

Selesai istirahat, kedua karung itu diletakkan di boncengan sepeda. Setelah rapi, Pak Suroso menuntun sepeda


YOGYA
ISTIMEWA
CMul

tuntun. Pak Suroso sing nuntun sepedha. Narto nyurung saka mburi.

"Nggawa apa kuwi kok diwadhahi bagor?" cluluke Pakdhe Kromo kang lagi resik-resik emperan omahe.

"Panenan kacang gleyor, Pakdhe," wangsulane Narto.

"Wah, akeh banget," sambunge Pakdhe Kromo.

"Iya, bisa panen apik. Sebab dakwenehi rabuk kompos," wangsulane Pak Suroso karo mandheg.

"Aja lali, mengko bengi bar Isak rapat siskamling. Nggone Pak Erte," sambunge Pakdhe Kromo.

"Ngrembug napa, Pakdhe?" Pitakone Narto.

"Jare arep ngadhepi sasi Pasa," sambunge Pakdhe Kromo.

"Woo, ngono ta," sambunge Narto.

"Ya wis aku pamit bali," kandhane Pak Suroso.

itu dengan jalan kaki. Narto mendorongnya dari belakang.

"Membawa apa itu kok ditaruh di karung?" tanya Pakdhe Kromo. Ia sedang bersih-bersih di teras rumahnya.

"Panenan kacang panjang Pakdhe Kromo" jawab Narto.

"Wah, banyak sekali" sambung Pakdhe Kromo. Ia mendekat.

"Iya, bisa panen banyak. Aku beri pupuk kompos dari kandang," jawab Pak Suroso sambil berhenti.

"Jangan lupa, nanti malam setelah Isak rapat siskamling. Di rumah Pak RT," sambung Pakdhe Kromo mengingatkan.

"Rapat membahas apa, Pakdhe?" kata Narto bertanya.

"Katanya untuk menghadapi bulan Ramadan," jawab Pakdhe Kromo.

"Ooo, begitu," kata Narto. "Ya, sudah. Aku permisi dulu," pinta Pak Suroso kepada Pakdhe Kromo.

Sepuluh menit, Pak Suroso lan Narto wis tekan ngomah.

Kacang gleyor terus disuntak ing gelaran kepang. Narto banjur milihi sing cendhak lan dawa. Dene Pak Suroso terus mlebu ngomah. Titi teka, nggawa tali rafia abang. Kacang kuwi banjur diuntili dening Narto lan Titi.

Narto nguntili sing dawa-dawa, Titi nguntili sing cendhak. Sakloron tumandang kanthi prigel. Jumbuh karo pelajaran tali-temali kang wis diwulangake dening guru Pramuka, Pak Nuryanto ing sekolahane. Rampung diuntili, terus ditata kanthi rapi.

Kacang panenan kuwi biyasane didol ing warunge Bu Tanti. Saben dititipi, Bu Tanti seneng sebab kacange apik. Mula, akeh sing terus padha pesen ing warunge Bu Tanti.

Sekitar sepuluh menit, Pak Suroso dan Narto sampai rumah.

Kacang panjang itu dikeluarkan di lantai beralaskan kepang. Narto memilah kacang panjang itu. Dipilah yang panjang dan yang pendek. Pak Suroso terus masuk rumah. Tidak lama kemudian, Titi datang. Ia membawa tali rafia merah. Keduanya terus mengikat kacang panjang itu dengan rapi.

Narto mengikat yang panjang-panjang. Titi mengikat yang pendek-pendek. Keduanya terampil menyelesaikan pekerjaan itu. Hal itu sesuai pelajaran tali temali yang diberikan oleh Pak Nuryanto, guru Pramuka di sekolahnya. Setelah selesai, ikatan ditata dengan rapi.

Setiap panen, kacang panjang itu dijual di warung Bu Tanti. Bu Tanti, senang sekali setiap dititipi. Hasil panennya sangat baik sehinga banyak yang membeli.

Swasana sore kuwi katon nyenengake. Platarane wis resik, lan taneman-taneman kembange uga katon seger. Ora let suwe, sakloron terus bukak-bukak buku. Sinau ing meja emperan. Bocah-bocah kuwi pancen sregep anggone sinau. Menawa ana wektu kang longgar, digunakake kanthi becik kanggo maca buku. Miturut Narto lan Titi, saben ana wektu longgar bisa kanggo sinau.

Watara jam lima, Bu Prapti kondur saka warunge Bu Tanti. Pak Suroso saka kebon buri uga banjur lenggah ing kono. Sakulawarga padha jagongan ing emperan ngarep.

"Bu, kacang gleyore wis rampung diuntili," kandhane Titi.

"Sing elek-elek wis didhewekake. Diolah sesuk," sambunge Narto.

"Yoh, matur nuwun," jawabe Bu Prapti.

Suasana sore itu sangat menyenangkan. Halaman sudah bersih. Tanaman bunga juga kelihatan segar. Tidak lama kemudian, mereka terus membuka bukunya masing-masing. Keduanya memang, rajin belajar. Bila ada waktu luang, digunakan dengan baik untuk membaca buku. Waktu belajar itu tidak harus malam hari. Setiap ada waktu longgar, dapat untuk belajar.

Sore itu sekitar pukul lima, Bu Prapti pulang dari warungnya Bu Tanti. Pak Suroso juga ke teras setelah dari kebun belakang. Sekeluarga sore itu bercengkerama di teras depan.

"Bu, kacang panjangnya sudah selesai diikat," kata Titi.

"Kacang panjang yang jelek-jelek sudah disendirikan. Besuk dimasak," Sambung Narto.

"Ya. Terima kasih semuanya" jawab Bu Prapti.

"Gaweyan sore iki wis rampung pa?" pitakone Pak Suroso.

"Sampun, Pak," jawabe Narto lan Titi bareng.

"Yoh sokur, matur nuwun," jawabe Bu Prapti.

"Yo, dha siyap-siyap menyang mesjid," panjaluke Pak Suroso.

Wektu terus mlaku kanthi ajeg. Kaya mlakune srengenge ing saben dinane. Saben esuk srengenge kuwi, metu saka wetan. Lan ing wektu sore angslup ing sisih kulon. Mlakune dina, minggu lan sasi, uga ajeg. Ora krasa, Narto lan Titi anggone sekolah wis nem sasi. Semono uga Budi, anggone sekolah ing SMP wis nem sasi. Wayahe nampa rapot.

Bijine Narto lan Titi apik. Bijine Budi lan Narti uga apik. Wong tuwane padha seneng. Banjur weling supaya ing semester loro bijine bisa luwih

"Semua pekerjaan sore ini sudah selesai semuanya?" tanya Pak Suroso.

"Sudah Pak..." jawab Narto dan Titi bersamaan.

"Ya, syukurlah dan terima kasih" sambung Bu Prapti.

"Ayo, kita siap-siap ke masjid" pinta Pak Suroso.

Waktu pun terus berjalan. Seperti berjalannya, matahari di setiap harinya. Berjalannya hari, minggu, dan bulan pun juga rutin seperi biasanya. Begitu juga Budi. Ia sudah enam bulan sekolah di SMP. Begitu juga Narti. Sudah saatnya terima rapor semester satu. Jadwal penerimaan rapor hari Sabtu.

Pak Suroso dan Bu Prapti senang mengetahui nilai rapor Narto dan Titi. Nilai keduanya memuaskan. Pak Suroso dan Bu Prapti minta keduanya untuk terus belajar dengan rajin. Agar nilainya di

apik. Anggone sinau kudu luwih sregep.

Ing preinan semester iki, Narto lan Titi tambah sregep sinau. Ora lali ngrewangi wong tuwane.

Kanyata bener kandhane Budi. Ana ing kelas nem kudu bisa nggunakake wektune kanthi becik. Ana tambahan pelajaran sawise salat Luhur. Latihan soal-soal ujian. Materine saka kelas papat lan lima.

Kanggo ngadhepi ujian, Narto sregep sinau. Menawa ana soal kang durung paham, Narto takon marang Budi. Menawa ora ketemu Budi, sawise Isak, Narto takon kanca sing wis SMP utawa SMA. Kanthi seneng, kabeh padha marahi Narto ana ing mesjid.

Rong sasi sadurunge ujian, Narto luwih tekun anggone sinau. Semono uga Titi. Sakloron luwih sregep menyang

semester dua, tetap baik dan memuaskan.

Saat liburan semester satu, Narto dan Titi mulai belajar dengan rajin. Tidak lupa membantu kedua orang tuanya.

Ternyata benar kata Budi. Di kelas enam itu harus bisa memanfaatkan waktu dengan baik. Ada tambahan pelajaran setelah Zuhur. Materinya diambil dari pelajaran kelas empat dan lima.

Untuk menghadapi ujian, Narto rajin membaca buku. Jika ada soal yang tidak diketahuinya, Narto ke rumah Budi. Dengan senang hati, Budi menjelaskan kepada Narto. Jika tidak ketemu dengan Budi, Narto bertanya kepada kakak-kakak yang di SMP atau SMA setelah selesai Isak di masjid. Dengan senang hati, mereka itu membantu kesulitan yang dihadapi Narto.

Dua bulan sebelum ujian, Narto lebih tekun lagi dalam

mesjid. Saben rampung salat, terus ndedonga marang Allah SWT. Nyuwun supaya diwenehi gampang lan lancar anggone sekolah. Ora lali sakloron njaluk donga marang wong tuwane.

Ing wektu ujian Pak Suroso lan Bu Prapti tambah padha tekun ndedonga marang Gusti Allah supaya Narto lan Titi dadi bocah kang pinter lan migunani.

Wektune ujian lan ulangan semesteran wis rampung. Undangan pengumuman ujian saka sekolah wis diwenehake Pak Suroso. Acarane ditekani kabeh wali murid cacahe 30 lan para guru. Asile, kabeh lulus. Narto juwara siji. Dene Prayitno juwara loro lan Sunarsih juwara telu.

Narto ngucapake sokur. Semono uga Pak Suroso, terus ngucapake sokur marang Allah SWT. Narto terus ngrangkul bapake karo mrebes mili.

belajar. Begitu juga Titi. Keduanya lebih rajin lagi pergi ke masjid. Keduanya berdoa agar diberi kemudahan dalam bersekolah. Tidak lupa, keduanya mohon doa restu kepada orang tuanya.

Pak Suroso dan Bu Prapti pun rajin berdoa. Mereka berdoa kepada Allah SWT agar Narto dan Titi menjadi anak yang cerdas dan berguna.

Waktu ujian dan ulangan semesteran pun sudah selesai. Undangan pengumuman ujian dari sekolah pun telah diterima Pak Suroso. Acara dihadiri oleh semua wali murid kelas enam yang berjumlah 30 orang. Semua dinyatakan lulus. Narto juara satu. Prayitno dan Sunarsih berturut-turut juara dua dan tiga.

Sesaat kemudian, Narto mengucapkan rasa syukur kepada Allah SWT, lalu memeluk ayahnya dengan rasa haru.

Wektu ulangan semester uga wis rampung. Setu esuk watara jam setengah sanga para guru kelas wis wiwit ngedum rapot. Guru kelas papat, Bu Suryani, ngumumake manawa kabeh munggah kelas. Titi dadi juwara siji. Hadhiyah kanggo juwara 1, 2 lan 3 diwenehake dening Bu Suryani. Pak Suroso rasane seneng. Sakloron terus padha rangkulan. Seneng lan sokur marang Allah SWT.

Setu sore watara jam lima, Narto menyang ngomahe Budi. Budi lan Narti lagi padha nyirami tanduran.

"Wah, lagi dha nyirami ta iki," kandhane Narto karo mlebu plataran.

"Iya, iki wis meh rampung kok," jawabe Budi.

"Lungguh dhisik, Mas Narto," sambunge Narti sinambi nyirami tranduran.

Waktu ulangan semester dua untuk kelas satu sampai kelas lima juga selesai. Sabtu pagi, sekitar jam setengah sembilan, para guru kelas sudah mulai membagikan rapornya di kelasnya masing-masing. Guru kelas empat, Bu Suryani, mengumumkan bahwa semua siswa kelas empat naik semua. Titi juara satu. Hadiah untuk juara 1, 2, dan 3 diberikan oleh Bu Suryani. Pak Suroso merasa senang. Mereka terus saling berpelukan. Rasa senang dan rasa syukur kepada Allah SWT.

Sabtu sore, sekitar pukul lima, Narto ke rumah Budi. Sore itu Budi dan Narti sedang menyirami tanaman.

"Wah, lagi asyik menyirami tanaman ya?" tanya Narto.

"Iya, hampir selesai kok," jawab Budi.

"Duduk dulu, Mas Narto," sambung Narti sambil menyirami tanaman.

“Yoh, matur nuwun,” wangsulane Narto karo tumuju kursi.

Ora watara suwe, Budi lan Narti wis rampungan. Narti terus mlebu ngomah. Kaya adate, karo nyangking ember sing mau dinggo nyirami. Dene Budi terus marani Narto.

“Mas Budi, iki aku balekake buku,”ujare Narto.

“Woo, yoh. Matur nuwun,” sambunge Budi.

“Aku sing matur nuwun. Wis disilihi buku kelas enem lan latihan soal. Nanging, iki ora sing pungkasan. Sesuk isih ana sateruse. Buku iki, sing pungkasan kanggoku ing kelas nem. Aku saiki wis lulus. Taun ajaran anyar sesuk, aku kelas siji SMP. Aku nyilih meneh buku-buku kelas siji SMP duweke Mas Budi. Sadurunge, aku matur nuwun banget,” kandhane Narto karo

“Ya, terima kasih” jawab Narto. Ia berjalan menuju kursi teras.

Tidak lama kemudian, Budi dan Narti selesai menyiram tanaman. Budi terus menuju ke teras rumah. Narti masuk rumah sambil membawa ember hijau dan merah. Ember itu yang tadi dipakai menyirami tanaman.

“Mas Budi, ini saya mau mengembalikan buku,” kata Narto.

“Wooo. Ya, terima kasih,” kata Budi.

“Saya, berterima kasih sekali. Sudah dipinjami buku-buku kelas enam dan latihan soal. Saya meminjam buku ini bukan yang terakhir. Namun, masih mau pinjam lagi. Buku yang aku pinjam ini memang yang terakhir untukku di kelas enam. Saya sekarang sudah lulus. Tahun pelajaran baru nanti, saya sudah kelas satu SMP. Jadi, saya tetap masih pinjam buku-buku kelas satu SMP milik Mas Budi. Saya mengucapkan banyak terima kasih,” kata Narto sambil meletakkan buku-buku



nyelehake bukune ing meja.

"Yoh, padha-padha. Buku-buku kelas siji SMP silihen," jawabe Budi.

"Yoh, aku matur nuwun banget," sambunge Narto.

Budi terus mlebu omah. Ora watara suwe, Budi wis nggawa buku-buku SMP. Diwadhahi tas kresek ireng. Budi terus masrahake marang Narto. Narto terus pamit bali. Ora lali ngaturake panuwun marang Budi.

***

itu di meja.

"Ya, sama-sama. Buku-buku kelas satu SMP silahkan dipinjam," jawab Budi.

Budi masuk rumah mengambil buku-buku kelas satu SMP. Sebentar kemudian, Budi keluar sambil membawa buku-buku itu. Budi terus memberikan buku-buku itu kepada Narto. Narto pun pamit pulang sambil mengucapkan banyak terima kasih kepada Budi.

* * *


CERDAS
BERLITERASI
UTAMAKAN
Bahasa Indonesia
LESTARIKAN
Bahasa Daerah
KUASAI
Bahasa Asing

# Biodata

## Penulis

**Achiayadi, S.Pd.SD** nama panggilan Akhiyadi, lahir di Sleman, 12 Juni 1961. Saat ini ia tinggal di Dongkelan RT 001/RW 026, Sidorejo, Godean, Sleman, DIY. Guru Sekolah Dasar ini aktif menulis di berbagai media mainstream maupun digital dan memberikan pelatihan menulis. Korespondensi malalui e-mail: akhiyadi61@gmail.com atau HP (WA): 083103692739.

## Ilustrator

**Mulyantara (Mul)** lahir di Yogyakarta, tanggal 6 Mei 1965. Saat ini ia tinggal di Ngabean Kulon (Jl. Kaliurang KM 7,8) RT 04 RW 35, Sinduharjo, Ngaglik, Sleman. Pria ini mempunyai keahlian dalam sastra budaya: ilustrator wayang kulit gaya Yogyakarta, penulis cerita wayang/padalangan/tokoh wayang, penulis cerita rakyat/roman sejarah, penulis cerkak, penulis cerita anak/dongeng.

Karya sastranya telah banyak diterbitkan, antara lain: antologi cerkak *Crita saka Pereng Merapi* (Penerbit PASBUJA, 2020); antologi dongeng *Andong Jogja* (Disbud Jogja, 2022); antologi cerkak *Drangsa* (Azzagrafika, 2022). Ia pernah menjuarai lomba cergam/komik dan lukis wayang.

Pembaca yang ingin berkorespondensi dapat menghubungi telepon genggam 087839023639; posel: mulyantara52@gmail.com.

## Penyunting



**Ratun Untoro** lahir bertepatan dengan kedatangan Ratu Elizabeth II di Yogyakarta, 23 Maret 1974. Ia lahir, tumbuh, dan belajar berpikir di Grojogan, Tamanan, Banguntapan, Bantul. Proses berpikir selanjutnya ditempa di Fakultas Ilmu Budaya UGM sejak S1—S3 (1993—2017). Pernah ditugaskan di Manado, Sulawesi Utara selama 16 tahun (2000—2016) dan mendapat istri di sana. Saat ini, ia menjadi Widyabahasa Ahli Madya di Balai Bahasa DIY dan aktif di berbagai perhelatan kebahasaan, kesastraan, dan kebudayaan baik lokal, nasional, dan kadangkala di tingkat internasional. Menargetkan menulis minimal satu buku setahun, pria ini terlibat dalam berbagai forum ilmiah seperti Himpunan Sarjana Kesastraan Indonesia (HISKI), Asosiasi Tradisi Lisan (ATL), dan Forum Penulis Humaniora Aceh—Papua. Di bidang penyuntingan, ia menjadi penyunting buku-buku keistimewaan DIY, beberapa majalah ilmiah, majalah komunitas, dan buku-buku proses kreatif. Korespondensi bisa melalui ratunskp@gmail.com, Ig: ratun_untoro.w

MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

# Buku Terakhir

Keluarga Bapak Suroso dan Ibu Prapti beserta kedua anaknya yakni Narto dan Titi berhubungan akrab dengan keluarga Bapak Sutono dan isterinya Ibu Surti yang mempunyai anak Budi dan Narti.

Orang tua kedua keluarga sederhana ini memberikan contoh yang baik kepada anak-anak mereka untuk hidup saling tolong-menolong, saling menghargai, rajin, dan memanfaatkan waktu luang.

Titi juga rajin membantu pekerjaan kedua orang tuanya. Seperti mencuci peralatan dapur, bersih-bersih kamar rumah, menyapu halaman rumah, dan menyirami berbagai tanaman yang ada di depan rumah, serta pekerjaan yang lainnya.

Narto rajin membantu ayahnya di sawah, seperti mengairi tanaman padi di sawah, merawat dan memanen sayuran jenis kacang panjang, mencari rumput untuk kambing-kambingnya, membersihkan kandang kambing dan pekerjaan lainnya.

Narto sudah sejak lama meminjam buku-buku yang tidak dipakai milik Budi, kakak kelasnya. Karena kegigihan dan ketekunan Narto, ia dapat lulus Sekolah Dasar dengan meraih juara pertama. Budi yang dengan rela meminjamkan buku-bukunya pun turut bangga dapat membantu sesama.

KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI
REPUBLIK INDONESIA
2023

ISBN 978-602-259-939-5 (PDF)